ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№202 (23.110) • 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Егъэджэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тыным хуэгъэза къэрал IуэхутхьэбзэхэÑ€ зэфIэгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и Административнэ регламентыр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм и гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №44-УГ-м къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Егъэджэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыну хуит зэращI лицензэхэр тыным хуэгъэза къэрал IуэхутхьэбзэхэÑ€ зэфIэгъэкIынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и Административнэ регламентыр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм и гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №44-УГ-м къару имыIэжу къэлъытэн.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м*
*№144-УГ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и мурад нэхъыщхьэхэр зэрызэфIагъэкIымрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэмрэ кIэлъыплъынымкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №232-УГ-мкIэ къищтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм и мурад нэхъыщхьэхэр зэрызэфIагъэкIымрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащIэмрэ кIэлъыплъынымкIэ щыIэ советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №232-УГ-мкIэ къищтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн мы къыкIэлъыкIуэхэр:

**Алэкъей А. М.** - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Бэлэтокъуэ В. Хь.** - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

**Канунников В. А.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспекторыр *(зэгурыIуауэ)*

**Ячный И. В.** - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*;

б) **Битокъу В. М.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэр»;

в) **Говоров С. А.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрыр»;

г) **Дадэ М. А.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэр»;

д) **Къуэдзокъуэ М. М.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIыр»;

е) **Лыхь З. А.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрыр»;

ж) Советым къыхэгъэкIыжын Алътуд Ю. Къ., Вербицкий А. И. , Литовченкэ Т. В., Пэнагуэ М. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м*
*№145-УГ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Бахъсэн районым хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм унагъуэ псэущхьэм хьэщхьэрыIуэ уз иужь дыдэу къызэрыщеуалIэрэ махуэ 60 зэрыдэкIам икIи абы зыхуэфащэ профилактикэ лэжьыгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIам къыхэкIыу къару имыIэжу къэлъытэн «Бахъсэн районым хыхьэ Жанхъуэтекъуэ къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэуIум и 14-м къыдигъэкIа унафэ №100-РГ-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м*
*№141-РГ*

● Iуэху щхьэпэ

## Мэзхэр фхъумэ

**Ди республикэм щокIуэкI «ТхылъымпIэжьхэр зэхуэфхьэси, жыгхэр фхъумэ» зыфIаща Iуэхур.**

2015 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 25 пщIондэ екIуэкIыну Iуэхур къызэзыгъэпэщар «Эко-Гармония» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ Налшык къалэ администрацэмрэщ. Iуэхур мыбыхэм даIыгъащ КъБР-м и Парламентым мэкъумэш политикэмкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щIы Iуэху зэхущытыкIэмкIэ и комитетымрэ Урысейм и «Зелёные» партымрэ.

Дэ тщIапхъэщ тхылъымпIэжьу 1 тонным жыг 17 къызэрыригъэлыр, псыуэ литр мин 26-рэ а жыгхэм я фIыгъэкIэ хъума зэрыхъур.

Мы Iуэхум хэтыну хуейхэм тхылъымпIэжьу килограмм 25-рэ мынэхъ мащIэ зэхуахьэса нэужь, жэрдэмщIакIуэхэм зыпащIэ хъунущ мы телефонымкIэ: 8 (928) 702-33-71. Зэхуэфхьэса тхылъымпIэхэр Iузышыну къакIуэ лэжьакIуэхэм зэхуэфхьэсам пэкIуэ уасэр къыватынущ - 1 килограммым сом 1,5-рэ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**



# Президентым и полномочнэ лIыкIуэр «Мэшыкъуэ-2015» щIалэгъуалэ зэхыхьэм щытекIуахэм яхуозэ

**Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ Меликов Сергей жэпуэгъуэм и 15-м Пятигорск къалэм щахуэзащ «Мэшыкъуэ-2015» щIалэгъуалэ зэхыхьэшхуэм щытекIуахэм. А зэIущIэм кърихьэлIащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэм щIалэгъуалэ политикэр щызыубзыху ведомствэхэм я лIыкIуэхэр.**

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихри, Меликов Сергей абы кърихьэлIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къахьа текIуэныгъэмкIэ ехъуэхъуащ икIи мы зэхыхьэр абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ лъэхъэнэу зэрыувынур и фIэщ зэрыхъур жиIащ.

Полномочнэ лIыкIуэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ мы гъэм зэпеуэр зэрырагъэкIуэкI хабзэхэм зыкъомкIэ зэрызахъуэжар. Иджы утыку кърахьэ проектхэм нэхъ ткIийуэ бгъэдохьэ, ауэ абыхэм хэплъэныр зэIухауэ ирагъэкIуэкI. Иджы гранткэр зэрытрагуашэр елъытащ проектхэр щыпхагъэкIкIэ ахэр зыгъэхьэзырахэм хуагъэув балл бжыгъэм. БлэкIа илъэсхэм а Iуэхур убзыхупауэ щыттэкъым, абы къыхэкIыу проектхэм я рейтингхэр щIыналъэхэм хухаха квотэхэм ирагъэзэгъын хуей хъурт. Абы арэзы узытехъуэ хъун хэлъми, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр зыфIэмытэмэмхэр нэхъыбэт.

- Иджырей бгъэдыхьэкIэри язынықъуэхэм яфIэтэмэмкъым, - жиIащ Меликов Сергей, - сыту жыпIэмэ, илъэс-илъэситI япэкIэ еплъытмэ, хуэдэ зыбжанэкIэ ахъшэ нэхъ мащIэ зыIэрыхьэну щIыналъэхэр щыIэ хъуащ. Абы къыхэкIыу дэ къыдгуроIуэ а щIыналъэхэм щIалэгъуалэмкIэ я органхэр зэрымыарэзыр. Сэ си щхьэкIэ апхуэдэ мыарэзыныгъэр зэхызох икIи къызгуроIуэ. Апхуэдэу щытми, быдэу си фIэщ мэхъу щIыналъэ квотэхэм тету грантхэр гуэшыным дыхуэкIуэж зэрымыхъунур.

Полномочнэ лIыкIуэм къызэрилъытэмкIэ, мыбдеж гулъытэ зыхуэщIыпхъэр проектхэр щызэхалъхьэ лъэхъэнэм абыхэм елэжьхэм нэхъ егугъуу ядэIэпыкъунырщ. ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ щIыналъэхэм щыIэ ведомствэхэм я унафэщIхэм гулъытэ хэха хуащIын хуейщ «Мэшыкъуэ» зэхыхьэшхуэм кIуэну дэтхэнэри а Iуэхум егугъуу хуэгъэхьэзырыным.

Меликов Сергей хэхауэ тепсэлъыхьащ грантхэр зыхуагъэфэща проектхэр зэрагъэзащIэм икIи ахъшэр къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъыныгъэ тэмэм зэригъуэтыпхъэм.

- Сэ къызэрыслъытэмкIэ, ауэ сытми япэ къэсыр мы зэхыхьэм къагъакIуэркъым икIи абыхэм ящыщ дэтхэнэми дзыхь яхуэщIыпхъэщ. Аращи, ахэр кIэлъыплъыныгъэм нэхърэ акъыл зыхэлъ дэIэпыкъуныгъэм нэхъ хуэныкъуэщ.

ЗэIущIэм и кIэухым Меликов Сергей субъектхэм я Iэтащхьэхэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ ведомствэхэм я унафэщIхэмрэ къыхуриджащ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу мы гъэм грантхэр зыхухамыхыфа, ауэ икъукIэ купщIафIэу къэплъытэ хъуну проектхэр зыщамыгъэгъупщэну. Полномочнэ лIыкIуэм зыхуэфащэ IэнатIэхэм я пщэ ирилъхьащ апхуэдэ проектхэм я спискэ ягъэхьэзырыну икIи ахэр гъэзэщIэнымкIэ щыIэ Iэмалхэм щIыналъэхэм я властхэм ящIыгъуу хэплъэну.

*УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

# Мылъкум техуэ налогыр къызэрыIахым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. Абы Iуэху зэмылIэужьыгъуэу пщIым хуэдизым щыхэплъащ.**

ДЕПУТАТХЭР тепсэлъыхьащ «Социально-щэнхабзэ, коммунальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэу, инвестицэ проект ину сату зэпеуэ хэмыту щIы Iыхьэхэр бэджэнду зыхухах хъунухэм хуагъэув мардэхэр къэщтэным и IуэхукIэ» законопроектым. Ар ягъэхьэзыращ УФ-м ЩIымкIэ и кодексым и 39.6-нэ статьям и пункт 2-м и пункт къуэдзэ 3-м ипкъ иткIэ.

Апхуэдэу президиумым и зэIущIэм къыщыхалъхьащ «Налог зытехуэ мылъкум и кадастр уасэм тещIыхьауэ цIыхухэм я мылъкум техуэ налогыр зэраубзыху хабзэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къыщагъэсэбэпу щыщIадзэну зэманыр псоми я дежкIэ зыуэ гъэувыным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар ягъэхьэзырынымкIэ лъабжьэ хъуар цIыхухэм я мылъкум техуэ налогыр къызэрыIах щIыкIэм хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм НалогхэмкIэ и кодексым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэрщ. Документым къегъэув мылъкум техуэ налогыр 2016 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ абы и кадастр уасэм тещIыхьауэ къабжыну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «2015 гъэм, 2016, 2017 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектми. Депутатхэм зэрыжаIамкIэ, республикэм и финанс документ нэхъыщхьэм зэхъуэкIыныгъэхэр щIыхалъхьэм и щхьэусыгъуэр бюджет мылъкур зэблагъэкIыну зи къалэнхэм къызэрыхалъхьам тету, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ къабгъэдэхуэ Iуэхухэр тэмэму ягъэзэщIэн папщIэ республикэ бюджетым и хэщIхэр зэрытегуэшар зэрызэрахъуэкIырщ, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет зэхуаку трансфертхэр къаутIыпщыным хуэгъэзауэ къащта унафэхэм тету КъБР-м и республикэ бюджетым и бжыгъэ нэхъыщхьэхэр зэрагъэтэмэмыжырщ.

Зытепсэлъыхьа документхэр депутатхэмрэ зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэмрэ елэжьын, хэлъхьэн хуейуэ къалъытэ зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэхьэзырын папщIэ хуагъэхьащ. А лэжьыгъэхэр зэфIэкIа нэужь законопроектхэр КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм къыщыхалъхьэнущ.

А зэIущIэ дыдэм щытепсэлъыхьащ «Пэрыуэ щымыIэу Урысей Федерацэм и щIыналъэм къриубыдэу Урысей Федерацэм и цIыхухэр IэпхъуэнымкIэ, зыдэщыIэн, щыпсэун щIыпIэ къыхахынымкIэ яIэ хуитыныгъэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Законым и 2-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ и комитетым игъэхьэзыра федеральнэ законопроектым. Апхуэдэу депутатхэр хэплъащ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, бюджет Iуэхухэр гъэтэмэмыным, псэупIэ-коммунальнэ комплексым яхуэгъэза хабзэ мардэхэр къэщтэным и лъэныкъуэкIэ УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентархэм къаIэта жэрдэмхэм.

КъаIэрыхьа материалхэм хэплъэри, депутатхэм унафэ къащтащ «Ростехинвентаризация - Техническэ инвентаризацэмкIэ федеральнэ бюро» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и IуэхущIапIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI **Щыхьмырзэ Хьэсэнбийрэ** Налшык къалэ округым щыIэ «Лицей №2» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ еджапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ **Хьэкъун Любэрэ** КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Президиумым и зэIущIэм апхуэдэу унафэ къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м зэхуэгъэсыным теухуауэ.



**БАТЫР Любэ,**
*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

● Лэскэн щIыналъэ

## Щытхъу яIэщ

**Анзорей дэт консерв заводым и лэжьыгъэр зэрызэпимыгъэуным хущIокъу. Абы къыщIигъэкIащ фIэIугъэ зэрылъ банкIыу мелуанитIым нэблагъэ.**

IУЭХУЩIАПIЭР мы гъэм зэлэжьыр нащэмрэ помидорымрэщ. Ахэр фIы дыдэу зэращIым и щыхьэтщ Урысейм и щIыналъэ куэдым щIэупщIэшхуэ зэрыщаIэр. МардэщIэхэм тету лажьэ заводыр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщащ. Къыхэгъэщыпхъэщ «Бжьыхьэ дыщафэ» урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэм и щIыхь тхылъыр, абы къызэрыхуагъэфэщар. IуэхущIапIэм иджыпсту цIыху 40 егъэлажьэ, махуэ улахуэр сом 600 хъууэ.

Заводым щIы гектари 117-рэ иIыгъщи, зэлэжьыну хадэхэкIхэр езым къегъэкIыж.

● Шэрэдж щIыналъэ

## Гъуэгухэм йогугъу

**Бабугентрэ Безенгирэ зэпызыщIэ автомобиль гъуэгур къагъэщIэрэщIэж: гъуэгум телъ асфальт телэжьыкIар трах, лэжьыгъэм зэран хуэхъу гъуэгубгъу жыгхэр ираупщIыкI, лъэмыж IухьэпIэр ягъэбыдэ.**

МЫ ГЪЭМ къриубыдэу гъуэгум и бгъуагъым метри 10 къыхагъэхъуэнурэ, абы мывэкIэщхъ тракIутэжынущ, лъэмыж IухьэпIэу 4 зыхуей хуагъэзэнущ, гъуэгубгъухэр псыдзэм IуимылъэсыкIын хуэдэу 1 километрым щIигъукIэ бетон щIэгъэкъуэнхэр щагъэувынущ, шынагъэ здэщыIэ гъуэгубгъу Iыхьэхэр гъущIым къыхэщIыкIа пкъыгъуэхэмкIэ пагъэщхьэхукIынущ.

Мы лэжьыгъэм и япэ Iыхьэм хиубыдэнур Бабугентрэ Къарэ-Сурэ я зэхуаку дэлъ километр 12,3-рщ.

2016 гъэм лэжьыгъэм пащэнущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



### Иджы езыхэр къелъэIуу ара?

**Германием и канцлер Меркель Ангелэ ибзыщIыркъым и къэралыр щытыкIэ гугъум зэритыр – зауэ щекIуэкI щIыпIэхэм къиIэпхъукIхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хохъуэ икIи а псоми щхьэегъэзыпIэ я деж щагъуэтынукъым.**

КъимыдэкIэ, езы нэмыцэхэр абы хуэшхыдэ, хуэхъущIэ къудейм къыщымынэу, ар и къулыкъум текIын хуейуэ къэзылъытэхэри мащIэкъым.

ЩытыкIэ гугъум къикIыжынымкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуну щыгугъыу ар кIуащ Тыркум и президент Эрдоган Реджеп Тайип и деж. Меркель абы щепсалъэм къыхигъэщащ Тыркур Европэ зэгухьэныгъэм хыхьэнымкIэ Германиер сэбэп яхуэхъуну зэрыхьэзырыр, Iэпхъуэшапхъуэхэм ящыщ Iыхьэ Тыркум иригъэблагъэрэ ахэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэригъэпэщмэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэс куэд хъуауэ Тыркур абы щIэлъэIуми, ар ЕС-м хагъэхьэркъым, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр ящIурэ.

«ЩытыкIэр ефIэкIуэжынущ, Сирием щекIуэкI зауэр ягъэувыIэмэ», - жиIащ Эрдоган икIи дыщIигъужащ а щIыналъэм къикIа цIыху мелуани 2,5-м щIигъу я къэралым иджыпсту зэрыщыIэр.

### ХьэгъуэлIыгъуэм и пIэкIэ

**США-м и Калифорние штатым и къалащхьэ Сакраментэ щэбэт кIуам щызэхэта пшыхьым хуэдэ куэдрэ урихьэлIэркъым.**

ЦIыхуи 120-рэ зрагъэблэгъа хьэгъуэлIыгъуэр ящIакъым - щIалэм идэжакъым Дуэйн Куинн нэчыхь хуригъэтхын. Апхуэдэу щыхъум, доллар мин 35-рэ зыщIату ягъэува стIолым цIыху екIуэлIапIэншэхэр, унагъуэ хуэмыщIахэм щыщхэр пэрагъэтIысхьэныр нэхъ тэмэму къилъытащ хъыджэбзым и анэ Кари. Апхуэдэуи ящIащ.

«Мыхьэнэшхуэ зиIэ зыгуэр цIыхум щыфIэкIуэдым и дежи апхуэдэ лъэбакъуэ зычыфынур зи псэр къабзэрщ, цIыху гумащIэрщ. Дэ мыбы дыкъезыгъэблэгъахэри апхуэдэу къызолъытэ. Абыхэм икъукIэ псапэшхуэ къахьащ», - жиIащ сабиитхум я анэ Крэйкрафт Эрикэ.

## НОБЭ

♦**Статистикэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Авиадиспетчерым и дунейпсо махуэщ**

♦**ПщафIэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Дзэ связистым и махуэщ**

♦Сербием щагъэлъапIэ Белград къалэр хуит къыщащIыжа махуэр. 1944 гъэм советыдзэхэмрэ Югославием и цIыхубэ-щхьэхуитщIыжакIуэ армэмрэ Белград къалэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦1714 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ мывэм къыхэщIыкIа унэхэр къэралым щемыгъэухуэным теухуауэ. А унафэр зыхуэмыгъэзар Санкт-Петербург и закъуэт - къалащхьэщIэр нэхъ екIу, нэгъуэщI къэралхэм я щыхьэрхэм зыкIи къакIэрымыху щIынырт абыкIэ пащтыхьым и мурадар.

♦1880 гъэм Москва циркыр къызэIуахащ.

♦2000 гъэм Шэджэм къалэ хъуащ.

♦1930 гъэм РСФСР-м и Красноярск крайм хыхьэу къызэрагъэпэщащ Хакасскэ автоном областыр. Иджыпсту УФ-м хыхьэ Хакасие Республикэщ.

♦Къэрал лэжьакIуэ, политик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и зэхуэсыгъуитхум я депутату щыта **Тэрчокъуэ Къамболэт** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Гъэзалий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Жыгун Хьэту** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къущхьэ Хъусен** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, егъэджакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Мэхъуэш Руслан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Хьэжы Руслан** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей тележурналист, публицист, жылагъуэ лэжьакIуэ **Соловьев Владимир** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **ТекIужь Заретэ** къыщалъхуа махуэщ

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ

**Пхъур зэрыбгъасэщ, нысэр зэресащ.**

# Я махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыр

**ЩэкIуэгъуэм и 1-р Суд приставым и махуэщ. Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Танэ Эдуард абы теухуауэ иригъэкIуэкIащ республикэ СМИ-р зыхэта пресс-конференц.**

ТАНЭ Эдуард къызэрыхигъэщащи, Урысейм и ФССП-м мы гъэм махуэшхуэ тIуащIэ егъэлъапIэ: Суд приставым и махуэр, Урысейм суд приставхэм я IуэхущIапIэ къызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэси 150-рэ зэрырикъур.

Суд приставхэм я лэжьыгъэм къигъэлъэгъуащ ар къэралым и суд-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и IэмалыфIу зэрыщытыр. Къулыкъум и лэжьакIуэхэм я къалэнхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэр щыхьэт техъуэн хуейщ захуагъэм зэрырителъхьэр, къэралым игъэув хабзэмрэ хуитыныгъэ пщалъэхэмрэ сыт щыгъуи зэрытекIуэр, цIыхухэм хабзэм пщIэ хуащIыным и мыхьэнэм. АбыкIэ суд приставхэм къалэнышхуэ я пщэм къыдохуэ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# СлъэкI хуэсщIащ сэ си лъэпкъ мащIэм,

## Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист,



*Къэбэрдей театр гъуазджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщщ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ щIыхь зиIэ я артист, Абхъазым и цIыхубэ артист Мысостышхуэ Пщызэбий.*

*1935 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ ар. Къуажэ курыт школыр къиуха нэужь, ГИТИС-м щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэ иIэу щеджащ.*

*Артист Iэщ1агъэр зригъэгъуэту республикэм къэзыгъэзэжа Мысостышхуэм Къэбэрдей драмэ театрым лэжьэн щыщIидзащ. Роль нэхъыщхьэ защIэу хыщIым щIигъу игъэзэщIащ Пщызэбий. Абыхэм ящыщщ ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым хэт Къамбот и образыр, Акъсырэ Залымхъан и «ИстамбылакIуэм» дызыщрихьэлIэ Уэзрыкъуэ пщылI щIалэм, Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэтам» и лIыхъужь Давыдовым я ролхэр, нэгъуэщIхэри. Артистым и зэфIэкIыр здынэсыр къэзыгъэлъагъуэт абхъаз лъэпкъым и лIыхъужь Лакобэ Нестор и ролыр «Колокол священной кузни» фильмым щигъэзэщIэну къызэрыхуагъэфэщар.*

*Мысостышхуэр артист къудейтэкъым, атIэ икIи режиссёрт, 1972 гъэм Москва курсхэр къыщиухауэ. Къэбэрдей къэрал драмэ театрым Пщызэбий щигъэува спектаклхэм яхэткъым къемыхъулIа, театреплъхэм ягу дэмыхьа. Апхуэдэу ар режиссёр нэхъыщхьэу илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэми. Радиом абы щригъэкIуэкIащ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа «Iэдииху», «Хасэ», «Театрымрэ театреплъымрэ», «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» нэтынхэр, нэгъуэщIхэри.*

*Лъэныкъуэ куэдкIэ Тхьэр зэчийкIэ зыхуэупса цIыхут Мысостышхуэ Пщызэбий. Абы усэхэр, рассказхэр, пьесэхэр итхырт.*

*Мысостышхуэ Пщызэбий къыхуагъэфэщащ «За трудовое отличие» медалыр, Абхъазым Гулиа Дмитрий и цIэр зезыхьэ и Къэрал саугъэтыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр, КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр.*

*Артист цIэрыIуэр 2009 гъэм дунейм ехыжащ.*

# Псори мыхьэнэшхуэ зиIэу къелъытэ

**__Iэджэ щIауэ фIыуэ соцIыху, сцIыху къудей мыхъуу, ахэр си напщIэм телъщ, «Сыту ди насып, ди адыгэ лъэпкъым апхуэдэ цIыху нэхухэр, зэчий ин зыбгъэдэлъхэр дызэриIэр», - жысIэу срипагэу. Сэ зи гугъу сщIыр илъэс Iэджэ щIауэ ди театр гъащIэр зыгъэбжьыфIэ, ар япэкIэ зыгъэкIуатэ зэщхьэгъусэхэу ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэщ. ЖыпIэ хъунущ КIунэрэ Пщызэбийрэ ди лъэпкъ театр гъуазджэм и тхыдэр ягъэбеяуэ.__**

СЭ СЩIЭРКЪЫМ Пщызэбий спектакль дапщэм щыджэгуами, ауэ шэч къытезмыхьэу мыр жысIэфынущ: Мысостышхуэм дежкIэ ролышхуэ, роль цIыкIу щыIэкъым, атIэ абы псори мыхьэнэшхуэ зиIэу къелъытэ. Пщызэбий и актёр Iэзагъым режиссёрхэм Iэмал ярет спектакль ягъэувым хэлъыну, ялъагъуну зыхуей псори къайхъулIэну. Сэ сщымыгъупщэжыну сигу къинащ Мысостышхуэ Пщызэбий «Дахэнагъуэм» зэрыщыджэгуауэ щытар.

ПсалъитI-щы жысIэнут КIунэрэ Пщызэбийрэ я лэжьыгъэм хэлъ нэгъуэщI зы Iуэхугъуэфiым теухуауи: а тIур адыгэ усыгъэм, прозэм къызэреджэр гум имыхужущ, гушыIэ рассказхэращи, абыкIэ яIэ зэфIэкIым псалъэ къыхуэбгъуэтынуи гугъущ.

КIунэрэ Пщызэбийрэ гъащIэ, творческэ гъуэгуанэ дэгъуэ къакIуащ, цIыхухэр ягъэгуфIэу, яIэту. Си гуапэу сохъуэхъу ди артист гъуэзэджэхэм я творческэ гъуэгури я гъащIэри кIыхь хъуну.

**ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэжбэчыр**,
*УФ-ми Адыгэ Республикэми гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ.*
*1990 гъэ*



**Дунейпсо Адыгэ Хасэм и исполкомым и зэхуэс Истамбыл щекIуэкIам хэтахэр: Мысостышхуэ Пщызэбий, Нэхущ Заурбий, Ташло Алий, IутIыж Борис, Агырбэ Юрий, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** *2005 гъэ*

## • Нэхъ пасэу хужаIахэр

### Ещхьымрэ хуэдэмрэ

ОБРАЗЫР, зэрытщIэщи, тIэкIу-тIэкIуурэ зэхэлъщ. Мис а тIэкIу-тIэкIухэр къыумыгъуэтауэ, образыр пхуэгъэнэхуэнукъым. «Ещхь» пхуэщIынущ, ауэ «хуэдэ» пхуэщIынукъым. «ИстамбылакIуэ» спектаклым «ещхь» куэд хэтщ, ауэ хуэдэ и мащIэщ. Екъуби (Токъуий Хъусен) ещхьщ, Лалуши (Ерчэн Чэзимэ) ещхьщ, НэIиби (Шэру Азрум) ещхьщ, зыкъомкIэ Елдари (Къардэн Лъостэнбий) ещхьщ. Ауэ «хуэдэ» жыпIэмэ Уэзыры къуэ хьэзырщ... Уэзырыкъуэу джэгур Мысостышхуэ Пщызэбийщ. Мис ар образщ!.. Ар уи гум къонэ, уи нэгуми къыщIонэ - и хьэлкIи, и щэнкIи, уеблэмэ и пыIэ тегъэсыкIэкIи... ЩэныфIэу, укIытэхыу, ауэ къэбгъэгубжьмэ, къопыджыну хьэзыру!.. ИкъукIэ си гуапэу «Ленин гъуэгу» газетым сиIэбыкIыу Мысостышхуэ Пщызэбий и Iэр быдэу сокъуз! ЕфIакIуэ, ныбжьыщIэ!

**ШОРТЭН Аскэрбий.**
*1963 гъэ*

### ТIуми сащотхъу

СЭ СПЕКТАКЛЬ куэдым селэжьащ КIунэрэ Пщызэбийрэ я гъусэу. Пщызэбий еджэныр къиухыу къыщигъэзэжам, псори дыщыгуфIыкIауэ щытащ, «мис иджы къэдгъуэтащ щIалэ-лIыхъужь» жытIэри икIи дыщыуатэкъым. Илъэс куэдкIэ роль нэхъыщхьэхэр игъэзэщIащ Пщызэбий. Ар апхуэдизкIэ цIыху жыджэрщ, гудзакъэ зиIэщи, е къыкIэрыхуауэ, е тхыгъэр имыщIэу театрым зэи къыщIыхьакъым.

МыдэкIэ КIунэ и гугъу пщIын щIэбдзэмэ, кIэ имыIэу жыпIэн бгъуэтынущ. А цIыхубз хьэлэмэтым, актрисэ гъуэзэджэм хуэдэ лэжьакIуэ иIэныр сыт хуэдэ театрым дежкIи щIыхьщ. КIунэ хуэдэ актрисэхэм папщIэ пьесэхэр ятх, театрхэм я репертуархэр траухуэ. Нэхъ гукъинэжу КIунэ дэсщIахэм ящыщщ «Уэсхэр», «Лашын», «Тыргъэтауэ» спектаклхэр. КIунэрэ Пщызэбийрэ хуэдэ артистхэм уадэлэжьэну хъуэпсэгъуэщ, гухэхъуэщ, тыншщ.

**ТОКЪУИЙ Хъусен**,
*УФ-м и цIыхубэ артист.*
*1970 гъэ*

### Имыгъэгъа щIэсакъым

ПЩЫЗЭБИЙ иджыри щIалэ дыдэу къэзыцIыхуахэм, и зэчий абрагъуэм гу лъызытахэм сащыщщ. Нэхъ лэжьыгъэ гукъинэжхэм ящыщщ Пщызэбий и Заурыр (ЩоджэнцIыкIу Алий и «Мадинэм» къытетщIыкIа спектаклым), Кировыр («Кремлым и лIыкIуэ»), лIыукIыр (Ирвин Шоу и «ЛIыукI» пьесэм къытетщIыкIа спектаклым) щигъэзэщIахэр. «ЛIыукIым» Пщызэбий щигъэзэщIа ролым имыгъэгъа залым зыри щIэсакъым.

Театр гъуазджэм ди республикэм зыщегъэужьыным лэжьыгъэшхуэ хащIыхьащ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ ЖьакIэмыхъу КIунэрэ.

**ЕРЧЭН Леонид**,
*Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист.*
*1976 гъэ*

### Си фIэщ мэхъу

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер и поэмэм, Шортэн Аскэрбий и рассказхэм укъе-джэу сынодэIуащ. Нэхъапэхэми мызэ-мытIэу зэхэсхат нэгъуэщI тхакIуэхэми я IэдакъэщIэкIхэм укъызэреджэр. Хуабжьу срогуфIэ уи Iэзагъэм кIуэтэху зэрызиужьым. Ар япэрауэ.

ЕтIуанэрауэ, сэ сызэреплъымкIэ, художественнэ тхыгъэхэм къеджэныр жанр нэхъ къыкIэрыхуахэм ящыщщ. Иджы лъэбакъуэфI ча хъуащ ди гъуазджэм хэлъ а ныкъусаныгъэр къызэнэкIынымкIэ. Си фIэщ мэхъу: уэ пхэлъщ лъэпкъ литературэ тхыгъэхэр художественнэ и лъэныкъуэкIэ гъэзэщIэным и зэхэублакIуэ, и узэщIакIуэ узэрыхъун зэчий.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу, пщIэ зыхуэсщI Пщызэбий, Iуэхугъуэщiэ бублам щызэбгъэгъуэта ехъулIэныгъэр дяпэкIи нэхъ лъагэж хъуну!

**ТЕУНЭ Хьэчим.**
*1968 гъэ*

# Куэдым хуэIэкIуэлъакIуэ

**__Псыгуэнсу къуажэм артистышхуэхэр къыдэкIащ. Абыхэм я лъагъуэм ирикIуащ Пщызэбий. Мысостышхуэ къудейкъым ар икIи артистышхуэщ.__**

**__Ар апхуэдэу къыщIэслъытэр Пщызэбий режиссёрым щымыгугъыу езыр-езыру лажьэ цIыхуу зэрыщытырщ. Артистыр щыфIыр режиссёрым жиIэ къудейр щигъэзащIэм и дежкъым. Езыр зэгугъужу, зэгупсысыжу, мы ролым мыр хэлъыпхъэщ жиIэу, езым ролыр игъэщIэращIэу щигъэзащIэм, а къигъэщI ролым игури и псэри иритауэ образым щитым дежщ артистыр щыартистыр. Мис апхуэдэу къызолъытэ Мысостышхуэ Пщызэбий.__**

АКТЁР курсыр къызэриухам къыщымынэу, режиссёр курсми щеджащ Пщызэбий. Ар дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ и артист къулыкъур дагъуэншэу, режиссёрым и щIэгъэкъуэн мылъыхъуэу игъэзэщIэнымкIэ.

ЩыIэщ артист комикыу, нэгъуэщI ролхэр къемыхъулIэу, щыIэщ артист драматическэу, комикыу мыджэгуфу. Ауэ Пщызэбий тIури и зэхуэдэщ.

Мысостышхуэр артист IэкIуэлъакIуэщ. Къулыкъушхуэ зиIэми и къулыкъур игъэзэщIэфу, къызэрыгуэкI лэжьакIуэри къэгъэлъэгъуэным пэлъэщу.

Пщызэбий артист къудейм къыщымынэу, и щIэныгъэм, и къэухьым къиубыд тхыгъэфIхэр иIэщ. Ар усакIуэуи къызолъытэ сэ. ЩIалэ зеиншэ цIыкIум и гъыбзэр зэритхам уеплъмэ, абы ЖьакIэмыхъу Жансурэт макъамэ щIилъхьауэ уэрэду зэхэпхмэ, гурыIуэгъуэщ Пщызэбий усакIуэу жыIэн щIыхуейр. Абы ущедаIуэкIэ, пхузэфIэмыкIыу уи гур къызэфIегъанэ.

Абы къыщымынэу, Пщызэбий диктор Iэзэщ. АпхуэдизкIэ гурыхуэщ, тхыгъэ куэд дыдэ гукIэ ещIэри, умыгъэщIэгъуэн пхузэфIэкIыркъым. «ИстамбылакIуэм» щыджэгум и деж абы и монологыр апхуэдизкIэ кIыхьщ, апхуэдизкIэ гущIыхьэщи, умыгъынкIэ Iэмал имыIэу укъызэщIещIэ. Уи нэгум къыщIегъэхьэж а зэман хьэлъэр зэрыщытар.

А псом и щIыIужкIэ, макъ дахи иIэщ, уэрэджыIакIуэу къэплъытэну. Ар артист куэдым яхузэфIэкIыркъым. Истамбыл ягъакIуэ щIалэм и уэрэдыр щыжиIэкIэ уегъагъ. Сценэм укъихьэу уикIыжыныр аракъым Iуэхур. Ар тхакIуэм, пшынауэм хуэдэщ, ахэр мытхэмэ, Iэмэпсымэм иримылажьэмэ, зэрыщыужым ещхьыркъабзэщ. Артистыр махуэ къэс зэмылэжьыжмэ, зыкIэлъымыплъыжмэ, ролым емыгугъумэ, емыгупсысмэ, ар артисткъым, гъащIэми фIыуэ къыкIэроху.

Узыпэрыт IэнатIэм къыдэкIуэу, ар си Iуэхукъым жумыIэу, укъыщалъхуа, ущыпсэу щIыналъэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм артистыр жыджэру хэтын хуейщ. Апхуэдэщ Пщызэбий. А псом къадэкIуэу, Мысостышхуэр лъагъугъуафIэщ, фIыуэ умылъагъункIэ Iэмал имыIэу. Абы театрым щигъэзащIэм къищынэмыщIауэ, ЖьакIэмыхъу КIунэ и гъусэу е и закъуэу радиомкIэ къыщыпсалъэкIэ, си гумрэ си псэмрэ дихьэхыу содаIуэ.

**КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.**
*2005 гъэ*

# Шолоховым и хъуэхъу

**__Дэ диIащ икIи диIэщ лъэпкъ Iумахуэм и щэнхабзэ лъагэр ди къэралым и щIыпIэ куэдым, нэгъуэщI къэралхэм щызыгъэлъэгъуа икIи щызыгъэлъагъуэ гъуазджэм и лэжьакIуэ щыпкъэхэр.__**

АПХУЭДЭ артист цIэрыIуэхэу ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Мысостышхуэ Пщызэбийрэ зэгъусэу щыджэгуа зы спектакль и гугъу сымыщIын слъэкIынукъым. Театрыр фIыуэ зылъагъухэм ямыщIэжынкIэ Iэмал иIэкъым зи гугъу сщIыну спектаклыр - Шолоховым и «ЩIыщIэ къэIэта» романым къытращIыкIар. КIунэ абы щигъэзэщIащ Лушкэ и ролыр, Пщызэбий Давыдову джэгуащ. Мы спектаклыр Теувэж СулътIан и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ. Куэд теткхыхьащ спектаклым, критикэм гулъытэншэу къигъэнакъым зэи тщымыгъупщэ ТIыхъужь Алий (Щукарь), Токъуий Хъусен (Нагульнов) сымэ, ауэ нобэми нэгум щIэтщ КIунэ и Лушкэмрэ Пщызэбий и Давыдовымрэ. Актёрым ролыр къехъулIа нэужькIэ зэхыбох: «Драматургым а ролыр а актёрым щхьэкIэ итха хуэдэщ». КIунэрэ Пщызэбийрэ а спектаклым къыщагъэщIа образхэр къайхъулIа къудейкъым, атIэ сценэм къыщыхъумрэ гъащIэмрэ нэхъ зэпэгъунэгъу ящIын яхузэфIэкIащ. Театреплъым и фIэщ хъуркъым а утыкум щекIуэкI гъащIэм езыр хэмыту, абы щымыпсэууэ.

ЛъэныкъуэкIэ укъыщыту артистым и лэжьыгъэм утепсэлъыхьыну тыншщ. Ауэ сыт хуэдиз къару тригъэкIуадэрэ абы зыгуэрым и образ уи фIэщ хъууэ, гъащIэм узэрыщрихьэлIэм ещхьу, уигъэлъагъун папщIэ! 1981 гъэм «ЩIыщIэ къэIэтар» щIэрыщIэу ягъэувыжри, Дон Iус Ростов яшауэ щытащ, Шолоховыр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэлъэгъуэну. Театр куэд щызэхуэсат абы. «ЩIыщIэ къэIэтар» нэхъыфI дыдэу зыгъэувахэм ящыщу ди театрри къалъытащ. Езы Шолохов дыдэр гуапэу къехъуэхъуауэ щытащ ди актёрхэм. ТIыхъужь Алий, ЖьакIэмыхъу КIунэ, Мысостышхуэ Пщызэбий, Токъуий Хъусен сымэ нэхъыфI дыдэу джэгуахэм ящыщащ.

**ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ**,
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*
*1995 гъэ*

ГУПСЫСЭМ я нэхъыфIыр къысхуэкIуауэ къысщыхъужри, сыгуфIэу Пщызэбийхэ сыпсэлъащ, КIунэ телефоныр къызэрытрихынум шэч къытезмыхьэу.

- СынодаIуэ, - къиIукIащ трубкэм, нэхъри нэхъ къарууншэ хъуа Пщызэбий и макъыр.

Узыншагъэ зимыIэжым ущIэупщIэну хьэлъэкъэ, зэрыслъэкIкIэ, си макъыр зэтызоухуэри, нэжэгужэу жызоIэ:

- Пщызэбий, узогъэгуфIэ, уи тхылъым кIуэну тхыгъэхэр хьэзыр хъуащ. Тхылъым фIэпщыну укъызытеувыIар къыджепIатэмэ...

Пщызэбий и макъым тIэкIунитIэ псэ къыхыхьэжауэ къыздоуэршэр, иригъэлейуэ фIыщIэ къысхуещI. Абы гукъыдэж къезытар тхылъ къыдэкIынурамэ (мы дунейм тетыжтэкъым абы нэхърэ ар нэхъ зыщIэхъуэпсыж), сэ сыщIэгуфIэр нэгъуэщIт: махуитI-щы дэкIмэ, Мысостышхуэм и зы тхылъ закъуэ къысхудигъэкIыну нышэдибэ щIалэ ахъырзэман гуэрым сыкъызэригъэгугъарат. Пщызэбий тхылъыр IэщIэслъхьэмэ, зэрыгуфIэнур си нэгум щIэтт. И узу хъуар кIэрылъэлъу, зэрыщытауэ адыгэ театрым и сценэм ар къихьэжыну къысщыхъурт.

ПIалъэр къосри, сыкъэзыгъэгугъа щIалэр къопсалъэ:

- Нобэрэ ныжэбэрэ Мысостышхуэм и тхылъым солэжьыжри, пщэдей къэпщтэжынщ, - жеIэри.

УгуфIэнтэкъэ?!

Пщэдейр къосри, телефон къэзууам сепхъуэмэ, «Пщызэбий щыIэжкъым» къызжаIэ...

- «Дунейр чэзущ» - аращ Нелли тхылъым фIэпщынур, - иужьрей псалъэу Пщызэбий къызжиIахэр зэхызох сэ аргуэру, аргуэру, аргуэру...

# Дунейр чэзущ

Дакъикъэхэр щыгъэу зэкIэлъызыгъажэ зэманыр Тхьэшхуэ пэлъытэ къызэрытхуэхъум и щыхьэтщ абы къыщыдэхъулIэхэр. ЩIыуэпсым и къэхъукъащIэхэр зыдж щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, зэрымыщIэкIэ къэхъу Iуэхухэм нэхърэ нэхъ къэхъун хуей щыIэкъым. ЗэрымыщIэкIэ, ауэ щыхъукIэ къэмыхъункIэ Iэмал зимыIэу си гъащIэм къыщыхъуа гуэрщ сэ Пщызэбий и тхылъым селэжьыныр. Хэт ищIэнт, Мысостышхуэ Пщызэбий теухуа тхыгъэхэр, абы и IэдакъэщIэкIхэр, и сурэтхэр зэщIэскъуэжу тхылъ зэгъэхьэзырыну, хьэмэрэ а цIыху гумызагъэм, гу пцIанэм иужьрей мазэхэм махуэ къэс сыдэлэжьэну, нэхъыфIу къэсцIыхуну... Пщызэбий и псэр апхуэдизкIэ лIыгъэкIэ псыхьати, ажал узыр зэрыпкърытыр фIы дыдэу ищIэжми, лажьэрт. Ар щылажьэрт унэми сымаджэщми. Абы лэжьэн иухри, махуитI-щыщ зэрыпсэужар, и тхыгъэхэра хуэдэт ар мы дунейм щызыIыгъыжыр. НэмыщIысауэ Iуэху къэзыгъанэу емыса цIыхум хьэлъагъ тIуащIэ зэрихьыр нэрылъагъут...

... ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр хьэлэмэту куэдрэ лэжьа Мысостышхуэ Пщызэбий папщIэ Iэгуауэшхуэ яIэт... Гъуэгу махуэ Iэгуауэ... Артист цIэрыIуэхэр дунейм ехыжа нэужь, хуаIэт хабзэм хуэдэ Iэгуауэ. БдзапцIэм хуэдэу хьэлъэрэ а махуэм къешха уэшхым хуэдэу щIыIэу...

Мысостышхуэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ рассказу 13, усэу 100, уэрэду 25-рэ, пьесэшхуэу 5, пьесэ кIэщIу 16, еджакIуэ цIыкIухэм яхуэгъэзауэ, композицэу зэхэгъэуvауэ 10, гукъэкIыж тхыгъэу 25-рэ, усэбзэкIэ тхауэ псалъэ гуапэу 60, нэгъуэщIхэри. ИтIани, абы тхакIуэу зибжыжыртэкъым.

Мысостышхуэм адыгэбзэр псэми псантхуэми едэхащIэу игъэIуу зэрыщытам ещхьыркъабзэу, икIи фIыуэ зыхищIэрт. ЩыпсалъэкIэ художественностагъ жыхуэтIэр и пшынэ Iэпэмэ, щытхэкIэ гъуа-гъуэ куэдыщэм ирыригъэшэхыу къыпщыхъурт. Абы и щхьэусыгъуэри, дэ къызэрытщыхъумкIэ, мыращ. ЦIыхур щыпсэуа лъэхъэнэм и нэпкъыжьэ къытредзэ. Хэт апхуэмыдэр? Пщызэбий и тхыгъэхэр зыхуэунэтIар жанр гъэлэжьэнракъым, атIэ адыгэ щIэблэр гъэсэнырт, лъэпкъыр къызэтенэнырт, бзэр гъэпсэунырт, дунейр нэхъыфIу убзыхунырт. Арат зыхуэунэтIар абы и гупсысэхэри езым и IуэхущIафэхэри. ЖиIэну зыхуейр куэдыщэ хъурт, нэгъуэщIым и псалъэ, гупсысэ гъэIуным и гъащIэр хилъхьати, и тхыгъэхэр зэщихуэпыкIырт, псэлъапIэ кърамытам хуэдэу, къыхуеджэныгъэ зэмыфэгъухэмкIэ.

ЦIыхум и гупсысэр, и IуэхущIафэхэр псалъэ тхакIэ щыщIэгъэбыдыхьыжам и деж ар тхыдэ мэхъуж. Нобэ ди гупсысэри, ди псалъэри зыхуэгъэза Мысостышхуэ Пщызэбий и гъащIэ гъуэгуанэр къребгъэубыдэфынущ Iэгу хуэдиз тхыгъэм.

Япэ дыдэу Мысостышхуэ Пщызэбий «къытракъута» Iэгуауэ гуфIэгъуэ къызыхэпIэнкIыкIымрэ иужь дыдэу нэщхъейуэ Iэгу щыхуеуэжамрэ я зэхуакум дэлъщ гъуэгуанэ кIыхь, хьэуэ, зы мэскъал, зы къэлыдыгъуэ, зы цIыху гъащIэ гупыкIыгъуей...

**ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли**,
усакIуэ.



**«Бжьамий» гупыр игъэбжьыфIэрт Пщызэбий.**

# Си насып кърихьэкIащ и гъусэу сценэм ситыну

**__Театрым сыкъэкIуэну си пщIыхьэпIэ къыщыхэмыхуэ лъандэрэ Пщызэбий и лэжьыгъэм сыщыгъуазэщ. Жагъуэ тщымыхъуу къанэркъым иджыпсту цIыхухэм, къытщIэхъуэ щIэблэм артистхэр зэрамыцIыхур, абыхэм я гуащIэм зэрыщымыгъуазэр. ИпэкIэ артист цIэрыIуэхэр псоми яцIыхурт.__**

СЭ СИ НАСЫП кърихьэкIащ Мысостышхуэм и гъусэу сценэм ситыну. Америкэн драматург О'Нил Юджин и «Лъагъуныгъэ, лъагъуныгъэ» спектаклым Пщызэбий сэрэ зэадэзэкъуэу дыщыджэгуащ. Абы щыгъуэ сыщIалэ дыдэт, апхуэдэ роль ин згъэзэщIэну япэу къысхуихуэу арат. Пщызэбий сызэригъусэм Iуэхум сызэрытригъэгушхуам пцIы хэлътэкъым. Сценэм сыкъихьэн и пэ къихуэу, ар зэрыджэгум, и псэлъэкIэм, и зыIыгъыкIэм сыкIэлъыплъырт, абы къару къысхилъхьэуи къысщыхъурт. Сыт и лъэныкъуэкIи сыдэплъейрт, щапхъэ схуэхъу зэпытт.

Мысостышхуэ Пщызэбий хуэдэ актёрхэм щхьэкIэ «мастер» жаIэ.

**ДЭБАГЪУЭ Роман**,
*Музыкэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ.*



**ХьэIупэ ДжэбрэIил, Темыркъан Юрэ, КIурашын БетIал, Мысостышхуэ Пщызэбий сымэ.** *1976 гъэ*



**Пщызэбий и унагъуэр.** *2007 гъэ*



**Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щылажьэ артист гуп.** *1995 гъэ*

# Слъэмыкӏар уэ нэгъэс и кӏэм

● Гъуазджэ

## Абхъазым и цӏыхубэ артист Мысостышхуэ Пщызэбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

## ЕхъулӀэныгъэм зи щхьэр игъэкӀэрэхъуахэм ящыщкъым

**Куэд щӀащ абы лъандэрэ. Сэ сыстудентт. Зыгъэпсэхугъуэ зэману сыкъэкӀуэжауэ Налшык и уэрамхэм зыщысплъыхьурэ, «Победа» кинотеатрым сыкъыщыувыӀащ. Кином щӀидзэным иджыри зэманыфӀ иӀэти, щӀалитӀ зытес тетӀысхьэпӀэр сэри егъэзыпӀэ сщӀащ. Ахэр зыгуэрым тепсэлъыхьырт.**

- ...Мис аращ артисткӀэ зэджэр! - жиӀащ щӀалэ Ӏэчлъэчым.

- И ныбжькӀэ щӀалэми, Ӏэзэщ, - акъылэгъу хъуащ адрейри, - а Ӏуэхум къыхуалъхуащ ар.

- Апхуэдэхэращ цӀыхухэр театрым щӀэкӀуэр. Плъэгъуа ар зэрыджэгур? И зыӀыгъыкӀэкӀи и зекӀуэкӀэкӀи езы лӀыхъужь дыдэр армырауэ, спектаклым роль гуэр щигъэзащӀэу къыпщыхъуркъым.

- Зэрыартистыр къимыгъэлъэгъуэнумэ, сыт-тӀэ сценэм къыщӀихьэр? - И фӀэщрэ и псэлъэгъум дэгушыӀэрэ къыпхуэмыщӀэу, щӀэупщӀащ щӀалэ нэхъ къуэгъур.

- Мис а я артистыгъэр ягъэлъэгъуэну хэтурэ, ягъэзащӀэ ролым и сэфэтым щимыхьэф къохъу. Зы зыӀыгъыкӀэм къытена нэужьщ артистым щыкъуилъхьэжыр. Абы щыгъуэщ театреплъхэр спектаклыр и кӀэм нэмысу щыщӀэкӀыжыр е зэбгъурысхэм уэршэрын щыщӀадзэр. А щӀалэм сыт хуэдэ роль игъэзащӀэми, зыр адрейм техуэркъым...

Зи гугъу ящӀыр Мысостышхуэ Пщызэбийт.

А Ӏэзагъыр езыр-езыру къыхуэкӀуакъым, гугъущэ демыхьу а псори Мысостышхуэм къехъулӀауи пхужыӀэнукъым, школым щыщӀэсым къуажэм и къэфакӀуэ, уэрэджыӀакӀуэ гупхэм жыджэру хэтауэ щытами.

Къуажэ курыт школыр къиухыу ГИТИС-м щыщӀэтӀысхьэм Мысостышхуэм ар сэбэп къыхуэхъужащ. Языныкъуэ студентхэм хуэдэу, зыхуэмейуэ зы предмети институтым щрагъэджу абы зэи къилъытакъым. Артистым и Ӏэзагъми, театрхэм я тхыдэми, эстетикэми зэхуэдэу дихьэхауэ, темызашэу сыт щыгъуи ар хуеджащ сценэм зыщыӀыгъыным, псэлъэкӀэм, къэфэкӀэм, нэгъуэщӀхэми. Пщызэбий ерыщу хущӀэкъурт зи роль игъэзащӀэ цӀыхум и гурыщӀэри, и хъуэпсапӀэри, и хьэл-щэнри, и гъащӀэ еплъыкӀэри театреплъым хьэкъыу и фӀэщ ищӀу образыр къигъэщӀыну.

ГИТИС-м и адыгэ студием щеджэхэм я диплом лэжьыгъэу ягъэхьэзырырт Мольер и «Жорж Данден» пьесэм къытращӀыкӀ спектаклыр. Мысостышхуэм къылъысащ унэӀут нэжэгужэ, Ӏэмалшы Любен и ролыр. Студент-артистым гъуэзэджэу къигъэлъэгъуащ Ӏуэхур щекӀуэкӀ зэманкӀи зи гугъу ищӀкӀи апхуэдизу тпэӀэщӀэ Франджым щыпсэу унэӀутым и образыр. Зи псэукӀи, зи дуней тетыкӀи, зи хьэл-щэни игъащӀэм умылъэгъуам и образыр апхуэдэу къэбгъэщӀын папщӀэ, зэфӀэкӀышхуэ уиӀэн хуейт.

Ар зэрызэфӀэкӀышхуэм и щыхьэтщ 1957 гъэм Къэбэрдей литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэр Москва щекӀуэкӀыу а спектаклыр ягъэлъэгъуа нэужькӀэ, Мольер и лӀыхъужь ныбжьыщӀэм и образыр нэхъыфӀу зыгъэзэщӀахэм Мысостышхуэр зэрыхабжамрэ зи ныбжьыр илъэс 22-м ит студент щӀалэм а гъэ дыдэм «За трудовое отличие» медалыр къызэрыхуагъэфэщамрэ.

Пщызэбий и зэчийм и акъужь гуакӀуэр театрым и гъащӀэм къыщӀихуащ, спектакль къэс абы къыщигъэщӀащ зыкӀи зэмыщхь образ телъыджэхэр. Мысостышхуэр ехъулӀэныгъэм зи щхьэр игъэкӀэрэхъуахэм ящыщкъым. Ар зэтеубыдауэ, Ӏэдэбу, ауэ еш имыщӀэу пэрытащ ирихьэкӀа сыт хуэдэ ӀэнатӀэми. И режиссёр лэжьыгъэм абы гулъытэ хэха щыхуищӀ зэпытт ди лъэхъэнэгъум и дуней тетыкӀэр, хьэл-щэныр къэгъэлъэгъуэным, и гурыгъу-гурыщӀэр къэӀуэтэным, а псори образ гукъинэжкӀэ къызэрызэкӀуэцӀихыным.

**КӀЭЩТ Мухьэз.**
*1983 гъэ*

## ЖыпӀэн гъунэжщ

**Пщызэбий си къуажэгъу къудейкъым, дызэгъунэгъут, дызэхьэблэт. И сабиигъуэр гугъуу зэрыщытари сощӀэ.**

«КЪАРДЭНГЪУЩӀ Зырамыку къыщалъхуа къуажэм, хьэблэм укъыщыхъуауэ гъуэгу пхэнж утеувэ хъунт? - жиӀэрт Пщызэбий. - Си щхьэр лъагэу солъагъуж ди къуажэм къыдэкӀа цӀыху гъуэзэджэхэр си ныбжьэгъуу, садэлажьэу зэрыщытам. Акъсырэ Залымхъан, Сонэхэ Башир, Мухьэрбий, Болэ Мурат, Щхьэгъэпсо Мухьэмэд, Къардэн Борис, ШэрыӀужь Анатолэ, Мэкъуауэ Николай - абыхэм ящыщ дэтхэнэри къащти, къуажэм, лъэпкъым куэд яхуэзыщӀа цӀыхущ».

Пщызэбий и творчествэм и гугъу сщӀынкъым. Абы зэчиишхуэ зэрыбгъэдэлъар псоми ящӀэ, ауэ итӀани ар Шолоховым и «ЩӀыщӀэ къэӀэтам» зэрыщыджэгуам теухуауэ зы псалъэ жызмыӀэу сигу зэгъэнукъым. Спектаклым хэт лӀыхъужь нэхъыщхьэм, Давыдовым, и ролыр абы апхуэдизкӀэ уи фӀэщ хъууэ, гунэсу игъэзэщӀати, а зы лэжьыгъэ закъуэм щхьэкӀэ Урысейм и цӀыхубэ артист цӀэр фӀэпщ хъунт. Си закъуэтэкъым апхуэдэу абы егупсысыр.

Мысостышхуэ Пщызэбий гу щабэ зиӀэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цӀыху пэжт, зи псалъэм тебгъуэтэж адыгэлӀт. И къуажэгъум, дэнэ щыщ адыгэми фӀы къехъулӀэмэ, щыгуфӀыкӀырт. Абы и гум ежалӀэрт и лъэпкъым, и адэжь щӀыналъэм ятеухуауэ Ӏуэху мыхъумыщӀэ, мыщхьэпэ гуэр къэхъуамэ. Иригузавэрт зэгуэрым уей-уей жезыгъэӀэу щыта Мысостышхуэ Былэ сымэ хуэдэхэм къаӀэта я къуажэжьым и пщӀэр нобэ зэрехуэхым. Игу къемыуэу къанэртэкъым ди щхьэ, ди хабзэ, ди лъэпкъ Ӏуэху тэмэму зэрызедмыхуэжыфыр. Пщызэбий щӀэхъуэпсырт Псыгуэнсум цӀэрэ щхьэрэ зиӀэу къыдэкӀар зэщӀигъэуӀуэу ар нобэ зэрыт щытыкӀэ гугъум къиша зэрыхъуным тригъэпсэлъыхьыну, и жылэжьым дэсхэм ятелъ гугъуехьхэр ящыгъэпсынщӀэнымкӀэ Ӏуэхугъуэ пыухыкӀа илэжьыну.

Пщызэбий теухуауэ жыпӀэн гъунэжщ. Си щхьэкӀэ срогушхуэ апхуэдэ цӀыху щэджащэ Псыгуэнсум къызэрыдэкӀам, лъэпкъым къызэрыхэкӀам.

**МЫЗ Ахьмэд,**
*тхакӀуэ.*

### Мысостышхуэ Пщызэбий и усэхэр

**Артистымрэ зэманымрэ**

Артист жумартхэм
ЖыпкӀэ къытхуэдалъэм
ПсэкӀэ дефӀэкӀмэ,
КъыткӀэлъоубэж...
И гум илъ фӀейхэр,
Мылъкум къыжьэдихуу,
Псалъэу дэт цӀыхуми -
ЛӀыуэ зелъытэж.

**Уэсят**

*Си къуэми си лъэпкъэгъухэми захузогъазэ*

СлъэкӀ хуэсщӀащ сэ
Си лъэпкъ мащӀэм,
си къуэ!
СлъэмыкӀар уэ
Нэгъэс и кӀэм.
ЗыгуэркӀэ сэ
къыстекӀуэмэ
Ажалыр,
СынолъэӀу, гъэзащӀэ
Си уэсятыр:
Зэи тыншыпӀэ
Къыумылъыхъуэ, си къуэ!
Щыт жыджэру,
Гумызагъэу.
«Си фейдэ хэлъщ», -
ЖиӀэу Ӏуэху мыхъумыщӀэ
ЗыщӀэр лӀа пэлъытэщ -
Ар зэгъащӀэ!..
Ныбжьэгъу зэи
Уемыфыгъуэ, си къуэ!
Лей къытехьэм -
ДэӀэпыкъу уэ.
Ауэ хуэпщӀар
Епхъуэныжу щытым,
УепцӀыжащ нэхъ лъапӀэу
Дунейм тетым!
МурадыфӀ пщӀым - нэгъэс
И кӀэм, си къуэ!
Гугъу сохь, жыпӀэу
Къыумыгъанэ.
Уи лэжьэгъухэм
Нэмыс, дзыхь
къыпхуащӀу
Псэу - ӀуэхуфӀхэр
ГъащӀэм щызэпыпщӀэу!
Балигъ ухъурэ
Къулыкъу бгъуэтмэ,
си къуэ!
Уемыхъуапсэ мылъку
щӀэзэухэм.
ПщӀа делагъэр
Къемыуэжу уи щхьэм,
Къабзэлъабзэу тет
Мы дуней дахэм!
Умыкъуаншэу лей
Къыптехьэм, си къуэ,
ЖьакӀуэу пэжыр
КъыщӀэгъэщ.
Гузэвэгъуэ
Къылъыс хъум
къэралым,
Ущышынэу ажалым
УимыкӀуэт.
Мы си лъэӀухэр
ПхуэгъэзащӀэу щытым,
ЩӀэблэр пэжу,
Быдэу фызэкъуэтым,
Фэ захуагъэр фи нэрыгъ
Зэпытым, -
ЗэщӀиштэн сфӀощӀ
ЩӀылъэр берычэтым,
Техуэжын сфӀощӀ
Ӏэщэр къэзыӀэтым,
Къихьэн сфӀощӀыр
Псори фи Ӏумэтым,
ХуащӀыжын сфӀощӀ
И бжэр ахърэтым -
ӀуэхуфӀ влэжьу
Фэ дунейм фытетым.

## СабырщӀэгъей

● ГушыӀэ

ДНЕВНИК зэхэуфӀея гуэр иӀыгърэ шхыдэу Хьэмид унэм къыщӀолъэдэж, зеплъыхь, щхьэгъубжэм бгъэдолъадэри, джэгуу пщӀантӀэм дэт и къуэм йоджэ:

- Ей, еджагъэшхуэ!.. Мыдэ къакӀуэт!.. Уэракъэ жыхуэсӀэр. - Ину мэпапщэ, диваным йотӀысхьэ. - АфӀэкӀа шэру зимыӀэм сэ сыкъигъэпцӀэну хэтщ... УмыпӀащӀэ уэ, сабырщӀэгъей!.. - и щхьэ хужиӀэжу: - Сэри сыкъуаншэмэ, уэлэхьи. Мыбы и Ӏуэхур дауэ щыт, дауэ еджэрэ, жысӀэу и зы егъэджакӀуэ сеупщӀакъым, и дневники, и тетради, и журнали сеплъакъым... Дапщэрэ срамыгъэблэгъами, адэ-анэхэм я зы зэӀущӀи сыхэтакъым... «Ӏэсэщ, фӀыуэ йоджэ» жаӀэурэ езыхэми сагъэбэлэрыгъащ, сыкъагъэпцӀащ...

И къуэ къыщӀыхьэжам нэщхъыдзэу йоплъри:

- Моуэ нэхъ гъунэгъуу къызбгъэдыхьэт!.. Еплъыжыт мы уи дневникым! Къеплъыт, зо! КъэӀэт, жысӀакъэ, а уи щхьэдыкъыр!.. «ЕгъэджакӀуэхэр къысщытхъуащ», «Тху къэсхьащ», жиӀэурэ махуэ къэс къысхуэджэдэжым и дневникым «зырэ» «тӀурэ» фӀэкӀа иткъым... Мыпхуэдизуи щхьэ буфӀея, щхьэдыкъ, мыр? ЕджапӀэм укъызэрикӀыжу куэншыбым хэбгъапщкӀуэу ара, хьэмэрэ?.. ЖыӀэ зыгуэр!..

Адэр дневникымкӀэ и щхьэм къеуа нэужь, Заур ерагъкӀэ къыдрешей:

- Ар сэ си дневниккъым...

- АтӀэ, емынэ узыгъуэм узэрихуэу...

Заур къыщиуду гъыным хуэдэу и адэм хуеплъэкӀащ:

- Мыр, ди адэ, ууейщ! Мыбы зэритымкӀэ, илъэс тӀощӀ япэкӀэ ди директорым мыпхуэдэу къритхауэ щытащ уи дневникым: «Уи адэ-анэр къакӀуэрэ къызэлъэӀумэ, еджапӀэм ущӀэзгъэтӀысхьэжынщ, куэд щӀауэ абыхэм ящыбгъэпщкӀу уи дневникри езгъэлъагъунщи, естыжынщ». Ауэ уэ абы жиӀар бгъэзэщӀакъым... «Балигъ хъумэ, езыр къэкӀуэнщи, хуэзгъэгъуну къызэлъэӀунщ, ди фэм бэлыхьу дихари игу къэзгъэкӀыжынщ», - жиӀэурэ а лӀыжьыр иджыри къэс зыпэбгъэплъащ... И гугъэр щыхихыжым... дневникыр сэ къыпхузигъэхьыжауэ аращ... Ауэ... уэстыжын сышынэри... згъэпщкӀуат... Иджы, мис... къэбгъуэтыжащи...

Ар жеӀэ, дневникыр стӀол къуапэм къытрелъхьэри, Заур зэуэ щӀокӀ. Хьэмид утыкум итт, зэрыплъэхэр хъурей хъуауэ, зэрышхэр Ӏурыхуауэ.

## Гупсыси, псалъэ...

***Адыгэхэр хъуэхъу гуапэкӀи, хъуэр утӀыпщакӀи, щӀагъыбзэ шэрыуэкӀи - хуабжьу къулейщ, ӀуэрыӀуатэ хьэлэмэткӀэ, лӀыхъужь уэрэдкӀэ, гушыӀэ купщӀафӀэкӀэ, пшыналъэ дахэкӀэ къытпэхъун къэгъуэтыгъуейщ. И чэзум тхыгъэ зымыгъуэта ди лъэпкъым и щэнхабзэр хъума хъун щхьэкӀэ, Ӏуэхутхьэбзэшхуэ къытхуащӀащ цӀыху жьакӀуэхэм, гушыӀэрейхэм, ӀуэрыӀуэдзым, щӀэнэкӀалъэм, хъуэрыбзэм хуэӀэкӀуэлъакӀуэ джэгуакӀуэхэм, утыкулӀ гупгъэдахэхэм. Ауэ жаӀакъым нэхъыжьхэм: «Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэщ», «ЖьэрыӀуатэр тхыдэм и дыщэ пхъуантэщ», «Гупсыси, псалъэ, зыплъыхьи, тӀыс», «ГушыӀэкӀэ зымыщӀэр ӀэштӀымкӀэ мауэ». Езы Къэзанокъуэ Жэбагъы дыдэми мыпхуэдэу жиӀэгъащ: «ГушыӀэпӀэ уихуамэ, угушыӀэфу, псэлъапӀэ уихуамэ, упсэлъэфу щыт». Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лъабжьэр зыгъэтӀылъа ди артист нэхъыжьыфӀхэми гушыӀэшхуэ яхэлъу щытащ. Абыхэм къытхуагъэна хъыбар дыхьэшхэнхэм, гушыӀэ гукъинэжхэм ящыщщ мыхэр.***

### Балетыр зэрывгъэувар адыгэбзэкӀэ?

Ди университетым щеджэ ныбжьыщӀэхэм пьесэ гуэр ягъэуват. Спектаклым ирахьэлӀэн реквизит, щыгъын тӀахыну зы егъэджакӀуэрэ студент щӀалэрэ театрым къытхуокӀуэ. Директорыр ди гъусэу, артист гуп театр щӀыхьэпӀэм деж дыщызэхэтти, сэлам-чэламыр зэрызэфӀэкӀыу, ахэр зыхуеину псори яритыну директорым къегъэгугъэ. Сэлам къыщыдахыжым, егъэджакӀуэм и нэр театр щӀыхьэпӀэм деж фӀэлъ афишэм хуозэ. А махуэм япэ дыдэу ягъэува «Лалуцэ» балетыр ди театрым щекӀуэкӀын хуейт. ЕгъэджакӀуэр афишэм нэхъ гъунэгъуу бгъэдохьэ, фӀыуэ къызэпеплъыхь-ызэпеплъыхьри: «Ей, мы балетыр зэрывгъэувар адыгэбзэкӀэ?», - жеӀэри къыдоупщӀ. Дэ жытӀэнур къытхуэмыщӀэу дызоплъыж. Директорыр зыхуэмыубыдыжу дыхьэшхыурэ театрым щӀохьэ. ЕгъэджакӀуэм къыжьэдэхуа емыкӀур игъэзэкӀуэжын, къыгуригъэӀуэжын и мураду, студентым абы зыхуегъэщхьри: «Сыт жыпӀэр? Балетым псалъэ хэт-тӀэ, зиунагъуэрэ», - жеӀэри жэуапым пэплъэу мэувыж. АрщхьэкӀэ зыпэплъэм зигъэгушыӀэнэпцӀу нэхъ ӀеижыркъыщӀегъу... «И кӀэм деж нэхъ мыхъуми, псалъитӀ-щы хэту къыщӀэкӀынщ, Ӏэгъу...» ЕгъэджакӀуэм и нэр афишэм къытрихыжу зыщиплъыхьам, ди артистхэм ящыщу зыри бжэӀупэм Ӏутыжтэкъым.

### Уэлэхьи, зозмыгъэумысыну!

Теувэж СулътӀан Шэру Азрум и пьесэ «Къэнэмэтрэ Къасболэтрэ» игъэувырт. Сэ Къасболэт и ролыр згъэхьэзырырт. Махуэ гуэрым СулътӀан нэхъ игу зыхуэмызагъэ, нэхъ къыдэмыхъулӀэу къилъытэ пычыгъуэхэм елэжьурэ, репетицэр щыдухын хуей сыхьэтым фӀыуэ щӀригъэгъуащ. А махуэм спектакли театрым щыдиӀэт. Помрежу лажьэр Мамрэш Иналти, Ӏэпщэ сыхьэтым сытеуӀуэурэ жызоӀэ: «Мы иджыпсту режиссёрыр зэлэжь пычыгъуэр дакъикъэ 20-кӀэ йокӀуэкӀ, сэ абы сыхэткъым. Ар иуха нэужь, нэгъуэщӀ пычыгъуэ елэжьыну къыщӀэкӀынкъым». «КхъыӀэ, апхуэдизыр къыумыгъэкӀуэкӀыу, кӀуэжи пщыхьэщхьэ уиӀэну спектаклым зыхуэгъэхьэзыр», - жеӀэри, Инал сценэм сыкърехуж. ЕтӀуанэ махуэм театрым сыщӀыхьэу СулътӀан сэлам зэресхыу: «Дыгъуасэ спектаклым и кӀэухым селэжьыну узгъуэтыжакъым. Роль нэхъыщхьэ бгъэзащӀэу, апхуэдэу зыбгъэбзэхыж хъурэ?» - жеӀэри зыкъысхуегъэгусэ. Сэри псалъэ щӀызмыгъуу зэрыхъуар щыжысӀэм, къыдэдаӀуэу лъэныкъуэкӀэ щыт Инал: «Уэлэхьи, зы псалъэ бжезмыӀа икӀи узмыутӀыпщыжа, сэ пцӀы телъхьэпӀэ сумыщӀ», - жеӀэри къоув. Сыт сщӀэнт? Къысхуэнэжарати, сыкъыщиутӀыпщыжым щыта, жиӀахэр зэхэзыха артистищыр къызогъуэтри, зэгъусэу Иналрэ СулътӀанрэ здэщыт лъэныкъуэмкӀэ доунэтӀ. Иналу плъагъум ди дежкӀэ зыкъегъазэ, лъэбакъуэхъуу йоувыкӀ, и ӀитӀыр и бгым ирегъэувэжри къокӀий: «Ей, гугъу зебгъэхьу алейкӀи апхуэдиз щыхьэт къыумышэ. Уэлэхьи, узутӀыпщыжами, зозмыгъэумысыну!»

### Сэмэлот будут - сэвсем плохъэ будут

ИлъэсыщӀэр къихьэным зы мазэ фӀэкӀа къэмынэжауэ ди театрым и директорым дызэхуешэс. «Ди къалэнхэр тхуэгъэзэщӀакъым, абы къыхэкӀкӀэ Шэрджэсым зы спектакль тшэуэ махуипщӀ хуэдизкӀэ къыщыдмыгъэлъагъуэу хъунукъым», - къыщыджиӀэм, артистхэм дытхьэусыхэу щӀыдодзэ: «Ди автобусымкӀэ уежьэ хъунукъым, жьы хъуащ, зэпэгъуанэщ, бензинымэмрэ сабэмрэ уагъэбауэркъым». Атэ Мухьэмэд къыщолъэтри, адыгэбзэмрэ урысыбзэ имыщӀэмрэ зэхитхъуэурэ къыдошхыдэ: «Уа, сыту фыинтереснэ фэ артистхэр! Къанэ щымыӀэу псори нэсауэ фыбаловэнэщ! Фигу къэвгъэкӀыжыт, как ми нэчинали работать. Бутэфорхьэри кӀэстумхьэри мешком пешком тэскали... ДикӀэрацэ на плечо и вперед на село!.. Абы щыгъуэ билэ все хъэрэшо, все атличнэ! Маршынэ появился - плохъэ стал... Сэмэлот будут - сэвсем плохъэ будут... ФыщыкӀащ фэ! Все до пэследнэу фыудэфащ! Директорым «Надэ план делэт» жиӀакъэ, значит план надэ делэт... Пуст кроф из носа будут... Пускай афтобус кӀуэцӀым наш жизнь астанится... План етэ план! План сафсем не халамбалам!..»

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩӀ Изэщ.

## Щыхьэт тохъуэ

**ЛӀэщӀыгъуэ плӀанэкӀэ сызыщылэжьа Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и лъэхъэнэ нэхъыфӀ дыдэу щытауэ собж Мысостышхуэ Пщызэбий режиссёр нэхъыщхьэу щыдиӀар. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ актёр хьэлэмэтым хузэфӀэкӀат ди нэтынхэр зыкъомкӀэ нэхъ щӀэщыгъуэ ищӀын.**

ПЩЫЗЭБИЙ ямылейуэ гумызагъэт, ар щыплъагъурт зэм павильонышхуэм, зэм нэхъ цӀыкӀуӀуэм, зэми режиссёр пультыр здэщыӀэм. Куэдрэ къэхъурт «съемкэ» жыхуаӀэхэм щыкӀуэ, «нэтын занщӀэкӀэ» дызэджэхэр щигъэхьэзыр, нэтын гугъу дыдэхэр щригъэкӀуэкӀ, уеблэмэ дикторым и къалэнхэри щигъэзащӀэ.

Мызэ-мытӀэу къысхуихуащ Пщызэбий и гъусэу сежьэну, нэтын щхьэхуэхэр згъэхьэзырыну, къуажэ клубхэри, Ӏэщыхъуэ, мэкъумэшыщӀэ «хэщӀапӀэхэри» къэскӀухьыну. Гу лъумытэнкӀэ Ӏэмал зимыӀэт: Мысостышхуэр куэдым къацӀыхурт, ӀэплӀэешэкӀкӀэ ирагъэблагъэрт, ди нэтынхэри нэхъ зыхуей хуэзэрт.

Сигу къокӀыж къэхъугъэ цӀыкӀуфэкӀу Ӏэджэ, а цӀыху хьэлэмэтым и гу пцӀанагъым, хьэлэлагъым, псэмыблэжагъым щыхьэт техъуэу. Пщызэбий сэ сыщрихьэлӀащ гуфӀэгъуэми, гуауэми, Ӏуэхушхуэми, зэрыхьзэрий гуэрхэми - зэи къэхъуакъым абы хабзэр, нэмысыр, цӀыхугъэр, зыӀыгъыкӀэ дахэр, адыгэ лъэпкъым и уардагъэр, щыпкъагъыр щыдзэмылъэгъуа.

Зэчиишхуэ бгъэдэлът абы - актёр инт, режиссёрт, уэрэджыӀакӀуэт, тхакӀуэт, усакӀуэт, драматургт, егъэджакӀуэт, жылагъуэ лэжьакӀуэт. А лӀыужыгъуэ къомым щыщ дэтхэнэми абы щиӀэ зэфӀэкӀым гупсэхуу утепсэлъыхь хъунущ. Пщызэбий Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуазджэм и къэхъугъэ гъуэзэджэщ. Абы щыхьэт тохъуэ и лэжьэгъухэр, щэнхабзэм фӀыуэ хэзыщӀыкӀхэр, журналистхэр.

**ГУРТУЕВ Эльдар,**
*балъкъэр тхакӀуэ.*

## Актёр телъыджэ къудейкъым

**Сэ Мысостышхуэ Пщызэбий соцӀыху 1953 гъэм къыщыщӀэдзауэ. Курыт еджапӀэр къэзыуха ныбжьыщӀэ зыбжанэ Москва еджапӀэ ягъэкӀуэну къыщыхахым, абы сригъусэу япэ этюдыр ищӀауэ щытащ. Ар дзапэ уэрэд щӀэлъу жиӀэну чэнджэщ естат, макъ телъыджэ иӀэу къэслъытэрти.**

ЩЕДЖЭМ щыгъуэ жыпӀэ хъунутэкъым ар зыхэсхэм нэхърэ нэхъыфӀу Ӏуэхум хуэхьэзыру, нэхъыбэ ищӀэу. Ауэ егугъурт, зыбгъэдэува ӀэнатӀэр къыгурыӀуэрти, ГИТИС-м къыдыщӀэсахэм япэ ищауэ зэреджами пцӀы хэлъкъым. Сэ иджыпсту Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкӀэ и къэрал институтым щызогъаджэри, си гъэсэнхэм сытым дежи Пщызэбий щапхъэу къахузохь. НыбжьыщӀэхэм яжызоӀэ сэ езгъащӀэр алыфбей къудейуэ зэрыщытыр. Абыхэм зыщагъэсэнур, я щӀэныгъэм щыхагъэхъуэнур сценэрщ, ди театрым и нэхъыжьыфӀхэм я дежщ. Феджэмэ, фылажьэмэ, къыхэфха ӀэщӀагъэр фӀыуэ флъагъумэ, Мысостышхуэм хуэдэу фыхъунщ яжызоӀэ.

Мысостышхуэ Пщызэбий сэ ролыфӀ куэд дэсщӀащ. Режиссёрми актёрми образу къагъэщӀу хъуар зэхуэдэу фӀыуэ къехъулӀэркъым, ар икӀи Ӏэмалыншэкъым. Ауэ гукъинэжу, гум имыхужу Пщызэбий роль куэд иӀэщ. Абыхэм ящыщ зыщ Шолохов Михаил и «ЩӀыщӀэ къэӀэтам» хэт Давыдовым и образыр. Ар абы къызэрыгурыӀуар, къызэригъэлъэгъуа щӀыкӀэр икъукӀэ гъэщӀэгъуэнщ. Абы и щыхьэтщ Шолоховым и тхыгъэм къытращӀыкӀа спектаклхэр Ростов щыщагъэлъэгъуам, ди лэжьыгъэр нэхъыфӀу къалъытауэ зэрыщытар.

Мысостышхуэр актёр гъуэзэджэ къудейкъым. ИпэӀуэкӀэ сэ гу лъыстат абы режиссёр хъарзыни къызэрыхэкӀынум. Ар къыхэслъхьэри, Пщызэбий 1970 гъэм ГИТИС-м и режиссёр курс нэхъыщхьэхэм ягъэкӀуащ, егъэджакӀуэ цӀэрыӀуэ Гончаров Алексей деж зыщигъэсащ. ИужькӀэ Гончаровым сыхуэзауэ Пщызэбий и еджэкӀэм сыщӀэупщӀати, ифӀ къызэрызжиӀам хуабжьу сыщыгуфӀыкӀат. 1972 гъэм къэкӀуэжри, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёру, режиссёр нэхъыщ-хьэу илъэс зыбжанэкӀэ лэжьащ. Режиссёрым и къалэнщ сценэм къыщыхъу Ӏуэхугъуэхэм набдзэгубдзаплъэу кӀэлъыплъыну, ахэр ныкъусаныгъэншэу зэкӀэлъигъэкӀуэну. Актёрыр зэлӀэлӀэн хуейр и щхьэ закъуэрамэ, режиссёрым сценэм щыджэгу дэтхэнэ зымкӀи жэуап ехь. Пщызэбий хузэфӀэкӀащ режиссёрым и къалэнри актёр лэжьыгъэри щӀыхь пылъу зэдихьын. Абы куэд пэлъэщыркъым.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт и щхьэгъусэ КӀунэрэ ипхъу Маринэрэ я лэжьыгъэм Пщызэбий и Ӏэужь дахэ зэрыхэслъагъуэр. Сэ абыхэм садэлэжьащ, театрым ехьэлӀауэ куэд яхузэфӀэкӀыну зэрыщытыр хьэкъыу спхыкӀащи, Мысостышхуэм и лъагъуэм ахэр гуфӀэгъуэкӀэ ирикӀуэну си гуапэщ.

**ТЕУВЭЖ СулътӀан,**
*Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми щэнхабзэмкӀэ щӀыхь зиӀэ я лэжьакӀуэ.*

### ● Лэжьэгъухэм я псалъэ

**Сэ слъэкӀамэ...**

Хъыдзэдж Борис, *КъБР-м щӀыхь зиӀэ и артист:*

- Артистым роль псори зэхуэдэу фӀыуэ къехъулӀэркъым, ауэ зы ролым щхьэкӀэ дамыгъэ щрат къохъури, сэ слъэкӀамэ, Шолоховым и «ЩӀыщӀэ къэӀэтам» щигъэзэщӀа Давыдовым и ролым щхьэкӀэ СССР-м и цӀыхубэ артист цӀэ лъапӀэр Мысостышхуэ Пщызэбий фӀэсщынт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, дунейм текъухьа адыгэхэр щыпсэу щӀыпӀэхэми Мысостышхуэр фӀыуэ къыщацӀыхут. Абы къигъэлъагъуэр зыщ: Пщызэбий цӀыхубэм я артисту аращ.

**СыткӀи щапхъэт**

Хьэщэ Къанщобий, *КъБР-м щӀыхь зиӀэ и артист:*

- Сызэрысабийрэ адыгэ театрыр фӀыуэ солъагъу, абы къыщыщӀэдзауи сэ Мысостышхуэм и лэжьыгъэхэм сыщыгъуазэщ. Абы адыгэбзэр зэригъэӀурыщӀэм, ар зэригъэбзэрабзэм хуэдэу къызэхъулӀэ артист гъуэтыгъуейт.

Си щхьэкӀэ си насыпу къызолъытэ Пщызэбий хуэдэ актёр сыдэлэжьэну къызэрысхуихуам папщӀэ. НэхъыжьыфӀт, чэнджэщэгъу нэст, удэлэжьэну тыншт. Мысостышхуэр и цӀыху хэтыкӀэкӀи, и артистыгъэкӀи, хабзэ, нэмыс хэлъкӀи щапхъэ зытепх хъун цӀыхут. Ахърэт нэху Тхьэм къырит!

**ӀэщӀагъэр фӀыуэ уигъэлъагъурт**

Лу Рэмэзан, *артист:*

- Пщызэбийрэ КӀунэрэ (а тӀум я цӀэр зэпэщхьэхуэу жыпӀэну къезгъэзэгъыркъым) зи ӀэщӀагъэм гурэ псэкӀэ ета цӀыхухэщ. Пщызэбий еш жыхуаӀэр псэуху ищӀакъым, гугъэпсэхут, лэжьыгъэм удригъэхьэхыф къудейм къыщымынэу, ӀэщӀагъэр фӀыуэ уигъэлъагъурт.

**Адыгэбзэр макъамэм хуэдэущ зэрызэхыуигъэхыр**

Къэжэр Борис, *КъБР-м и цӀыхубэ артист:*

- Мысостышхуэ Пщызэбий щыжаӀэкӀэ, япэ дыдэ си гум къридзэр адыгэбзэращ, артистым и бзэ къабзэрщ, ди бзэм и зэфӀэкӀырщ. Абы адыгэбзэр макъамэм хуэдэущ зэрызэхыуигъэхыр.

Зы ӀэщӀагъэм ущрилажьэм деж тыншкъым епкуу цӀыхум и дагъуэр ебгъэлъагъужыну. Ауэ Мысостышхуэр мыхъумыщӀэ илъагъум ебэкъуэфынутэкъым. Ар лэжьыгъэ ирехъу е гъащӀэрауи щрети, зы псалъэ игу иримыхьыну къыбжьэдэкӀамэ, ар зэригъэзэхуэжынут, зыщӀыпӀэ деж уи Ӏуэху щыдэмыкӀарэ нэхъыфӀ хъуну Ӏэмал щыӀэмэ, емыбакъуэу и ущие къуихьэлӀэнут.



Балъкъэр Тамарэ и гъусэу «Мадинэ» спектаклым щоджэгу.



«ЩӀыщӀэ къэӀэтам» Давыдовым и ролыр щегъэзащӀэ.

